

# PATAJE FWA NOU NAN MEDYA A



Ekip pou Fòmasyon Lafwa nan Konferans Menonit Mozayik la kreye yon gid pou fè etid sou desen komik se yon zwazo! Sa se pou adolesan avèk jèn adilt pou yo ka angaje yo nan konvèrsasyon sou prejidis ak rasis nan peyi Etazini.

*Pou gen aksè Se yon zwazo! men sa wap fè: <https://www.dccomics.com/blog/2020/09/09/dc-proudly-announces-represent-new-digital-comics-from-underrepresented-voices>*



©DC Comics

## IT'S A BIRD!

GID POU ETID LA

Reprezantan Komik yo nan DC! #1 Jules, se yon jèn gason nwa ki entèrese nan zwazo papa l achte yon longvi pou li, li fè Jules konnen longvi a gen yon pisans espesyal. Longvi yo gen yon pisans espesyal vre: Longvi a moutre Jules yon diferan imaj nan chak zwazo li wè ak longvi a: Breonna Taylor, George Floyd, epi lòt gason nwa ak fanm polis touye. Nan yon pwen, lè te gen yon nwa ki tap mache nan pak la, yon da m blanch ki te kite chen li ap kouri tout kote l vle nan pak la epi Jules mande l pou l mete yon kòd nan kou chen an paske fanm blanch lan pèdi kontwòl chen an. Komik sa a te inspire ak evènman ki te rive Christian Cooper nan yon Pak ki nan NYC nan mwa Me 2020.

*Pou yon bon diskisyon, envite jèn yo pou yo li tout komik la nan liv ki nan Entènèt anvan yon koumanse diskisyon an.*



## DISKISYON KEKSYON YO

Si gwoop pa w la pa renmen pale, mande yo pou yo koumanse pale ak vwazen yo pou yo ka di sa yo panse sou liv Komik sa a oubyen pou yo reponn premye 2 keksyon yo. Sa kapab bay yo tan pou yo panse nan direksyon pa yo anvan yo bay ide pa yo nan gwoop ki pi gwo a.

1. Pataje tan pa w la ak yon lòt moun lè ou pa gen anyen pou di.
2. Pa gen moun ki konn jije w sou koulè po ou? Si sa pa konn rive w, ki sa ou panse sou eksperyans sa a?
3. Lè ou fi n li komik sa a, poukisa da m lan ki aji jan l aji a? Eske ou panse aksyon fanm lan te bon oubyen li pat bon?
4. Lè ou fi n li komik sa yo ki valè istwa ou konnen ladan yo? Ki fason ou ka aprann plis?
5. Li Sòm 106:3, Pwovèb 21:5;28:5. Nan ki fason jistis ak dwati konekte? Poukisa Bondye vle pou nou viv yon vi ki korèk ak lòt moun?
6. Kisa ou dwe fè pou ka gen jistis rasyal?